

La Bib pou ti moun
prézanté



Rit (Ruth) :
yon istwa
lanmou



Ékri pa : Edward Hughes

Ilistré pa : Janie Forest
Alastair Paterson

Adapté pa : Lyn Doerksen

Tradwi pa : Ausky Salomon


Pwodwi pa : Bible for Children
www.M1914.org

©2025 Bible for Children, Inc.



Lisans : Ou gen dwa pou copyé o swa fè fotocopi istwa sa,
dépi sé pa pou van-n ou fè li.



Si w te kapab rankontre gran gran paran ou yo, paran yo, ak tout moun ki te vin anvan ou nan fanmi w, ou ta ka sezi wè ki kalite moun yo te ye. Nan Bib la, youn nan zansèt Jezi yo se te Rit (Ruth), yon Moyabit (Moabite) ki te konn adore zidòl.




Istwa Rit la kòmanse nan peyi Izrayèl, apre epòk Samson, lè pèp Bondye a te sispann kwè ak obeyi Bondye. Yon gwo famin te tonbe sou peyi a. Èske w konnen ki sa yon famin ye? Oke, se lè pa genyen fwi ak grenn, kote bèt yo, epi menm moun yo, ap mouri grangou.



Yon nonm yo te rele Elimelèk te kite Betleyèm ak madanm li ak de pitit gason li yo pou l ale chache manje. Li te rive Moab, yon peyi kote moun yo t ap adore zidòl.



Bagay yo pa t ap mache byen pou Elimelèk ak fanmi li nan peyi Moab. Li te mouri la, epi de pitit gason li yo te mouri tou apre li. Madanm li, Naomi,



te rete ak de bèlfi li yo, Ruth ak Orpa. De medam sa yo te moun Moab.



Naomi, ki te yon vèv kounye a, te tande Letènèl te vizite pèp li a li te ba yo pen. Li te deside retounen nan peyi li. Men, kisa de bèlfi li yo t apral fè ? Naomi te konseye yo pou yo rete Moab epi marye ankò.




Orpa te retounen lakay fanmi li. Men, Rit te refize.
Li te prefere resite yon bèl powèm kote li te
pwomèt pou l pa janm kite bèlmè li a.






Ansyen zanmi Naomi yo te kontan li te retounen Betleyèm. Men, li te mande yo pou yo rele l "Mara" (anmè) nan plas Naomi (agreyab). "Paske Toupuisan an te aji mal anpil avèk mwen." Naomi pa te retounen ak anyen — eksepte Rit.





Malgre Rit te konn adore zidòl tankou pifò moun Moab yo, li te vire do ba yo pou l adore Bondye vivan Izrayèl la. Rit te travay di pou li te asire Naomi ta genyen ase manje pou l manje. Chak jou li te swiv moun k apral rekòlte yo nan jaden yo epi li te ranmase grenn yo te bliye yo.





Boaz, mèt jaden an, te tande y ap di jan Rit se te yon bon moun pou bèlmè li. Lè li te rankontre l, li te mande moun k ap rekòlte yo pou yo kite kèk ponyen plen zepi. Boaz te kòmanse ap renmen Rit.





Lè Rit te rakonte
Naomi jan Boaz
te janti, vyèy
dam nan te fè
lwanj pou
Bondye. "Nonm
sa a se youn nan
fanmi nou yo, li
se youn nan
pwòch nou yo."





Tan an t ap pase, Boaz te vle marye ak Rit epi pran swen li menm ak byen fanmi li yo. Men, yon lòt fanmi pwòch te ka chwazi li an premye. Nonm sa a te vle byen yo, men li pa te vle Rit pou madanm li. Lalwa te di li pa te kapab genyen youn san lòt la.




Nan epòk sa a, moun pa te konn bay lanmen pou yo fè yon akò. Boaz te retire youn nan sandal li yo epi li te bay lòt nonm nan li an piblik. Akò a te fèt. Rit te vin madanm li. Kounye a, li menm ak Naomi te vin antre nan fanmi Boaz.



Boaz ak Rit te rele
premye pitit gason yo
a Obèd. Li te vin
granpapa David, gran
Wa Izrayèl la.



Men, nan yon fason ki pi bèl toujou, Obèd, timoun sa a, te zansèt Senyè Jezikri. Jezi te soti nan liy fanmi David pou li te vin Wa tout wa yo (wadèwa) ak Sovè mond lan.



Rit (Ruth) : yon istwa lanmou

Yon istwa soti nan pawòl Bondyé-a, la Bib,


Nap jwen-n nan

Rit

"Pawòl Bondyé poté limyè."

Sòm 119 : 130





16

60



Istwa biblik sa rakonté nou kòman ké gen yon mèvèyé Bondyé ki kréyé nou é ki vlé pou ou konnen Li tou.

Bondyé konnen ké nou fè mové aksyon ki rélé péché. Pinisyon pou péché sé lanmò. Sèlman Bondyé renmen nou si tèlman ké Li voyé sèl gren-n pitit Li-a Jézi, ki mouri sou lakwa pou nou, dékwa pou Li sa péyé dèt péché nou yo pou nou. Apré sa Jézi té résisité, é Li monté nan syèl la ! Ou men-m tou, si ou kwè nan Jézi é si ou mandé Li ak tout kè-w pou Li padoné péché ou yo, L'ap fè sa pou ou ! L'ap rantré nan lavi-w touswit é wap maché avèk Li pou tout tan.

Si ou kwè ké sa ou fèk sot tandé-a sé la vérité, résité priyè sa :
"Sényè Jézi, mwen kwè ké ou sé pitit Bondyé, mwen kwè ké ou té mouri pou mwen épi ou résisité ankò. Tanpri, rantré nan lavi mwen, padoné péché mwen yo, pou mwen sa gen yon nouvo lavi kounyé-a la, konsa lè gran jou-a va rivé, m'a va abité avè-w nan rwayòm ou an pou l'étènité. Édé-m obéyi-w é édém viv pou ou an tan ké pitit ou. Amèn.

Li La Bib ou épi palé ak Bondyé chak jou ! Jan 3 : 16

